



# Fich enfòmasyon sou egzansyon grandèt frèl

Egzansyon nan sèvis adomisil e nan kominote a (Home- and Community-Based Services, HCBS) se pwogram MassHealth ki founi sèvis bay moun ki admisib swa lakay yo oswa nan kominote a. Egzansyon grandèt frèl (Frail Elder Waiver, FEW) se yon egzansyon nan sèvis adomisil e nan kominote a (Home- and Community-Based Services, HCBS) ki tabli pou rann sipò disponib pou grandèt frèl ki admisib ki gen 60 an oubyen ki pi gran e ki elijib pou resevwa nivo swen nan yon etablisman swen enfimye men pito rete nan kominote a.

Yon moun ki admisib gendwa enskri nenpòt lè nan FEW.

Gen yon kantite maksimòm patisipan ki ka sèvi chak ane.

## Kritè sou admisibilite nan Egzansyon grandèt frèl

Pou kalifye pou FEW, yon moun dwe

- Swa youn oubyen lòt
  - Gen ant 60 a 64 an epi gen yon andikap, oubyen
  - Gen 65 an oubyen pi gran
- Satisfè kondisyon admisibilite nan klinik
- Bezwen sèvis FEW e pou rete admisib, kontinye resevwa omwen yon sèvis FEW pa mwa
- Ap viv nan yon kad kominotè ki satisfè kondisyon règ kominotè CMS la epi pa gen ladan lojman avèk asistans, lojman an gwoup oubyen mezon retrèt.
- Ka resevwa sèvis avèk sekirite nan kominote a an fonksyon kondisyon FEW yo, epi
- Satisfè kondisyon finansyè yo pou kalifye pou MassHealth Standard nan kominote a. Gen règ finansyè espesyal pou moun k ap fè aplikasyon e pou patisipan nan egzansyon an.
- Pa enskri nan yon lòt egzansyon HCBS, One Care Plan, oubyen pwogram PACE.

## Kondisyon finansyè pou moun k ap fè aplikasyon pou egzansyon HCBS

Admisibilite finansyè pou FEW detèmine dirèkteman pa MassHealth. Si w bezwen èd pou fè aplikasyon pou MassHealth, ou gendwa kontakte ASAP lokal ou a oubyen kontakte Sèvis kliyan MassHealth la.

Kondisyon finansyè pou moun k ap fè aplikasyon pou egzansyon HCBS

- **Revni**  $\leq 300\%$  nan To benefis federal SSI a (\$2,982 pa mwa nan lane 2026)
- **Aktif denonbrab**  $\leq \$2,000$
- **Aktif denonbrab** konjwen moun k ap fè aplikasyon an (si genyen)  $\leq \$ 162,660$  (nan lane 2026)

## Egzansyon grandèt frèl e opsyon swen pou moun aje (SCO)

Patisipan nan Egzansyon grandèt frèl ki gen 65 an oubyen ki pi gran, gendwa ka enskri nan yon plan opsyon swen pou moun aje (Senior Care Options, SCO). Moun k ap patisipe nan FEW ki enskri nan SCO gen aksè nan tout sèvis egzansyon e tout sèvis ki ofri nan plan SCO pa yo a. Enskripsyon nan SCO fèt volontèman.

## Sèvis ki ofri pou moun ki patisipe nan Egzansyon pou grandèt frèl

Tout moun k ap patisipe nan FEW travay avèk yon responsab ka pou tabli Plan sèvis konplè pa yo a, ki gen ladan objektif moun k ap patisipe a e sèvis egzansyon e soutyen moun k ap patisipe a bezwen nan kominote a. MassHealth pa ka peye pou sèvis egzansyon ki founi anvan Plan sèvis konplè a tabli e apwouve pou sèvis presi ou yo.

Konsèy sou Alzheimer/demans
Transpò asiste
Teknoloji dasistans - animal pou konfò elektwonik
Teknoloji dasistans pou Telesante
Kòve
Konpayon
Fòmasyon e sipèvizyon nan swen konplèks (anvan te Swen enfimye kalifye)
Sistèm teknoloji/selilè amelyore pou entèvansyon dijans pèsònèl (Personal Emergency Response System, PERS)
Adaptasyon pou aksè anviwònmantal
Pwogram edikatif ki baze sou prèv
Pwogram angajman nan objektif
Fè makèt e livrezon
Sistèm repons pou aladiv adomisil
Livrezon repa adomisil
Livrezon medikaman ki deja anbale adomisil
Edan nan swen adomisil
Evalyasyon sekirite/endepondans adomisil (anvan te Ègoterapi)
Menajè
Lesiv
Sistèm distribisyon medikaman
Sèvis oryantasyon e mobilite
Soutyen omològ
Swen pèsònèl
Soulajman
Pwogram soutyen lajounen
Edan swen soutyen adomisil
Asistans tranzitwa
Transpò
Kominikasyon e siveyans vityèl (Virtual Communication and Monitoring, VCAM)

## Pou plis enfòmasyon sou kòman pou enskri nan yon FEW, monte nan

[Egzansyon grandèt frèl: Enfòmasyon pou moun k ap fè aplikasyon e pou patisipan](#)



Pou jwenn yon lis ASAP, monte tanpri nan

[Jwenn Pwen daksè rejyonal ou a nan sèvis pou vyeyisman \(Aging Services Access Point, ASAP\)](#)

oubyen telefonnen

Sèvis kliyan MassHealth nan 800-841-2900 TDD/TTY:711

MassOptions nan 800-243-4636

